

**IMPLEMENTASI MODÉL PEMBELAJARAN *PICTURE AND PICTURE*  
DIBANTUAN MÉDIA *CANVA* PIKEUN NGARONJATKEUN  
KAMAMPUH NULIS CARITA PONDOK SISWA.**

**ABSTRAK**

Kamampuh nulis mangrupa kaparigelan basa anu dianggap paling hese di sakola. Kurangna merhatikeun kana kalancaran pangajaran nulis ngabalukarkeun kurangna kamampuh nulis siswa jeung kasulitan siswa dina nulis, hususna dina matéri nulis carita pondok. Salasahiji faktor anu ngabalukarkeun éta hal nyaéta siswa hésé nangtukeun kecap kahiji, siswa masih kénéh hésé ngabayangkeun jeung mekarkeun téma. Kitu deui kurangna digunakeunana modél pangajaran anu inovatif jeung kréatif ku para pendidik. Salah sahiji modél pangajaran anu bisa dipaké nyaéta modél *picture and picture* anu bisa dijadikeun alternatif pikeun digunakeun dina pangajaran nulis carita pondok. Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis carita pondok ku cara ngalarapkeun modél pangajaran *picture and picture*. Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif. Hasil tina ieu panalungtikan baris ngabahas data nu geus dikumpulkeun ku pangarang tina subjék jeung objék panalungtikan, hasil ngolah data, jeung analisis ngolah data. Panulis geus nyusun hasil panalungtikan sabada ngalaksanakeun panalungtikan ka siswa kelas XI di SMA Tunas Baru Ciparay, kaasup kelas XI IPA 1 salaku kelas ékspérimén jeung kelas ékspérimén. Rata-rata hasil pratés pikeun kelas ékspérimén nya éta 57,66, anu saterusna ngalaman kanaékan rata-rata hasil postés jadi 80,66 kalawan persentase ngaronjatna 46,51 sedengkeun rata-rata hasil pratés pikeun kelas kontrol nya éta 40,83, nya éta ngalaman kanaékan rata-rata hasil rata-rata post-test nya éta 55,83 kalawan persentase ngaronjatna ngan 22,80. Ditilik tina rata-rata data peunteun anu kapanggih ku pangarang, bisa dicindekkeun yén siswa kelas ékspérimén leuwih mampu nulis carita pondok ku cara ngalarapkeun modél pangajaran *picture and picture* dibantu ku média *canva*.

**Kata Kunci:** Tulisan, carita pondok, *picture and picture*, *canva*.